# ЖАЗА ҲӘМ ПРОФИЛАКТИКА НАРКОМАНИЯ – ӘЎЛАДЛАР КЕЛЕШЕГИНЕ ҚӘЎИП

*Жынаят ислери бойынша*
*Нөкис район судының*
*Тергеў судьясы* -
**Гүлназ Утепбергенова**

Бүгинги күнде наркомания ҳәм нәшебентлик қуралларының нызамсыз айланысы кең жәмийетшиликти терең ойға салыўшы, миллет генофондына ҳәм жаслар келешегине тиккелей қәўип туўдырыўшы ең аўыр машқалалардан бири болып калмақта. Таллаўлар соны көрсетеди, соңғы жыллары синтетикалық психотроп затлардың тарқалыўы ҳәм интернет тармақлары, атап айтқанда телеграм-ботлар арқалы жасырын сатылыўы жаслар арасында бундай жынаятлардың көбейиўине себеп болмақта.

Судта әмелиятта нәшебентликке байланыслы ислерди көрип шығыўда, бул иллеттиң артында қаншадан-қанша инсанлардың тәғдири, шаңарақлардың трагедиясы ҳәм жас өмирлердиң зая болыўы турғанына гүўа боламыз.

Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 273, 276-статьяларында нәшебентлик қуралларын, олардың аналогларын ямаса психотроп затларды нызамсыз таярлаў, алыў, сақлаў ҳәм өткизиў ушын қатал жынайы жуўапкершилик ҳәм еркиннен айырыў жазасы белгиленген.

Деген менен, тәжирийбе соны көрсетеди, тек ғана жазаны қаталластырыў арқалы наркоманияның алдын алыў имкансыз. Нызамбузыўшылықтың ақыбети менен гүресиўден көре, оның келип шығыў себеплерин менен гүресиў ҳәм сапластырыў – бүгинги күнниң тийкарғы талабы.

Наркомания жынаятшылығына қарсы гүресиў ҳәм жасларды бул иллеттен асыраў ушын төмендеги усынысларды әмелиятқа енгизиў мақсетке муўапық:

Интернет тармағында кибербақлаўды күшейтиў: Жасырын нарко-каналларды ҳәм сайтларды дәрҳал анықлап, блоклаў ушын ҳуқық қорғаў уйымларының информациялық технологиялар тараўындағы потенциалын арттырыў.

Мектеп ҳәм жоқары оқыў орынларында турақлы мониторинг: Оқыў орынларында профилактикалық илажларды қурғақ сөзден ибарат жыйналыспазлық пенен өткермей, реал жағдайды үйрениў, жаслар арасында психотроп затларды тутыныў жағдайларын ерте анықлаў тәртибин жолға қойыў.

Дәриханалардағы нызамсыз саўданы қатал бақлаў: "Дәрихана наркоманиясы"на жол қоймаў, күшли тәсир етиўши психотроп дәрилерди рецептсиз сатқан фармацевт ҳәм таңлаў субъектлерине қарата жаза шараларды кескин қаталластырыў.

Ата-аналардың жуўапкершилигин ҳәм үйдеги бақлаўды арттырыў: Перзенттиң бос ўақтын мазмунлы шөлкемлестириў, оның сана-сезиминдеги өзгеристерге ҳәм социаллық тармақларда кимлер менен пикирлесип атырғанына итибарлы болыўды үгит-нәсиятлаў.

Наркоманияға қарсы гүресиў – тек ҳуқық қорғаў уйымларының ямаса суддың иси емес, ал кең жәмийетшиликтиң, шаңарақтың ҳәм мектептин ортақ миннети. Ҳәр бир пуқара, ата-ана өзиниң әтирапындағы өзгерислерге бийпарўа болмаса ғана, жасларымызды бул апаптан сақлап кала аламыз.